

# FÒMILÈ DWA AK PÈMISYON SELON LALWA – TÈS ☐ SOUF OSWA ☐ SAN

(Mete yon tchèk nan yon sèl kare)

Moun yo arete a: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Yo fe fè moun yo te arete a konnen pwen ki vin apre yo (Seksyon 1 a 10):

1. Yo arete w poutèt ou te Kondui Machin pandan w Anba Enflyans Alkòl epi w gen sèten dwa.
2. Yo dwe kite w itilize yon telefòn pou w kominike avèk fanmi w, byenke se ou menm ki pou fè nenpòt depans pou sa, oswa yo dwe kite w fè aranjman pou yo lage w avèk yon garanti, oswa yo dwe kite w chèche yon avoka pou plede pou ou. Yo gendwa pa kite w fè bagay sa yo jiskaske yo fin note si w bay pèmisyon w oswa si w refize bay pèmisyon w nan fòmilè sa a. Detoutfason, yo dwe kite w itilize yon telefòn nan yon espas 1 èdtan apre w fin rive.
3. Si w mande sa, e si w peye depans yo, ou gen dwa pou yon medsen ou chwazi egzamine w tousuit. Yo dwe ba w ase okazyon rezonab pou w egzèse dwa sa a, men yo pap voye tès la pou pita poutèt egzamen medsen an.
4. **M ap mande pèmisyon w pou yo fè w yon ☐ tès souf / ☐ tès kote yo pran san w pou egzamen (mete tchèk nan yon sèl opsyon), yon fason pou detèmine kantite alkòl ki nan san w.**  
Seksyon ki vin apre a konsène dwa w genyen pou w kondui yon machin:
5. Chofè machin ki gen MWENS pase 21 an: Si w refize tès la, y ap mete fen nan lisans ou oubyen dwa w genyen pou w kondui yon machin nan Massachusetts pandan yon peryòd ki dire ant 3 an ak tout lavi w. Si kantite alkòl ki nan san w se 0.08 oubyen plis, ou vyole lalwa Massachusetts la epi yo gendwa fè pwosè kriminèl kont ou. Si kantite alkòl ki nan san w se 0.02 oubyen plis, Rejis Machin nan (RMV) pral enpoze sanksyon administrativ kont ou. Si w fè tès la epi w echwe, peryòd sispansyon an se 30 jou, sepandan, ou gendwa jwenn yon lòt sispansyon ankò ki dire ant 180 jou ak 1 an, selon sa Rejis Machin nan pral deside.
6. Chofè machin ki gen PLIS pase 21 an: Si w refize fè tès la, y ap mete fen nan lisans ou oubyen dwa ou genyen pou w kondui machin nan Massachusetts pandan yon peryòd ant 180 jou ak tout lavi w. Si kantite alkòl ki nan san w 0.08 oubyen plis, ou vyole lalwa Massachusetts la epi yo gendwa fè pwosè kriminèl kont ou. Si w fè tès la epi kantite alkòl ki nan san w se 0.08 oubyen plis, peryòd sispansyon an se 30 jou.
7. Si w deside fè tès la, w ap gen dwa pou w fè yon tès san kòm konparezon nan yon peryòd tan ki rezonab, men se ou menm ki pou peye depans yo pou sa. Ou gendwa itilize rezilta tès san ou ba yo fè kòm konparezon an pou yo ka remèt ou dwa w pou w kondui machin nan nan yon tribinal nan yon espas 10 jou.
8. Si w refize tès la oswa si w pa bay pèmisyon w pou yo fè tès la, se yon vyolasyon Lwa Pèmisyon Souzantandi a, ki fè y ap mete fen nan dwa w genyen pou w kondui machin. Si w refize fè tès la epi w mande yon lòt kalite tès, yo konsidere sa kòm si se refize w refize tès la, selon lalwa.
9. Mete sou sa, kit ou gen yon Lisans Chofè Komèsyal (CDL), kit ou pa genyen, kèlkeswa moun ki refize fè tès yo mande l la, l ap diskalifye antanke chofè ki ka kondui yon machin komèsyal pandan yon peryòd ant 1 an ak tout lavi l.
10. Si w t ap kondui yon machin ki te pote materyèl ki danjere ki mande pou machin nan gen yon afich pou sa, y ap diskalifye w poutèt ou refize fè tès la pandan yon peryòd 3 an. Si anvan sa yo te deja jije w koupab yon vyolasyon yon lwa CDL federal oswa yon lwa CDL leta, y ap diskalifye CDL ou pou tout lavi w.

**Pishe yo te avize w e ou konprann sa k ekri pi wo a, èske w bay pèmisyon w pou yo fè w**

☐ **tès souf la / ☐ tès san an (mete tchèk nan yon sèl kare)**

**m ap mande w fè a pou detèmine kantite alkòl ki nan san w?**

☐ **Wi**

☐ **Non**

**A ki l è w bay pèmisyon oswa w refize** \_\_\_\_\_

**Mwen te li e mwen konprann Fòmilè Dwa ak Pèmisyon Selon Lalwa sa a.**

**Siyati Moun yo Arete a:** \_\_\_\_\_ **Dat** \_\_\_\_\_

**Siyati Polisye ki te Arete l la oswa Moun ki Fè Tès Souf la:** \_\_\_\_\_ **Dat** \_\_\_\_\_

**Siyati Temwen ki te wè l Refize:** \_\_\_\_\_ **Dat** \_\_\_\_\_

**(Fòk se pa menm moun ak polisye ki te siyen pi wo a)**

**DWA POU JWENN YON MEDSEN,** Lwa Jeneral, Chapit 263, Seksyon 5A: Yon moun yo kenbe nan yon komisarya oubyen yon lòt gadavi, yon moun yo akize kòmkiwa li te kondui yon machin pandan l te anba enflyans alkòl, li dwe gen dwa, si l mande sa e si l peye depans yo, pou yon medsen li chwazi egzamine l tousuit. Polisye ki reponsab komisarya a oubyen gadavi a, oubyen moun li deziyen an, dwe fè l konnen li gen dwa sa a tousuit apre li fin adm, epi l dwe bay moun yo arete a yon okazyon rezonab pou l egzèse dwa sa a. Tousuit apre l fin adm, yo dwe bay moun yo arete a yon kopi seksyon sa a, sof si yo te deja poste kopi a nan komisarya a oubyen nan gadavi a nan yon andwa ki fasil pou moun nan wè.

**DWA POU L JWENN YON TELEFÒN,** Lwa Jeneral Chapit 276, Seksyon 33A: Polisye ki reponsab komisarya a oubyen gadavi a ki gen yon telefòn, kote yo kenbe moun yo arete a, yo dwe pèmèt li itilize telefòn nan, byenke se li menm k ap peye depans yo, yon fason pou moun yo arete a ka kominike avèk fanmi l oubyen zanmi l, oswa pou l ka fè aranjman pou yo lage l avèk garanti, oswa pou l ka chèche yon avoka pou plede pou li. Yo dwe enfòm nenpòt moun konsa dwa li genyen pou l itilize telefòn nan lè l rive nan komisarya a oubyen nan gadavi a, epi y ap ba l itilize telefòn nan nan yon espas 1 èdtan apre l fin rive.